

Kisa viris Zika a ye ?

Zika se yon viris (jèm) moustik gaye, ki kapab bay lafyèv, gratèl, doulè nan jwenti, ak konjonktivit. Pifò moun ki gen enfeksyon viris Zika a pa menm vin malad.

Kijan viris Zika a gaye ?

Viris Zika a gaye sou moun ki gen piki yon moustik ki gen enfeksyon an. Li ka tramsèt tou soti sou yon fanm ki ansent ki gen piki moustik ki gen enfeksyon an ki pase l bay tibebe a swa pandan l ansent lan oswa nan moman kouch la.

Gen epidemi Zika nan peyi Afrik, Azi Disid ak nan Zile Pasifik yo. Nan lane 2015, viris Zika a parèt nan Amerik Disid pou premye fwa. Depi lè sa a, li gaye nan plizyè peyi nan Amerik Santral ak Amerik Disid epi nan Karayib yo.

Èske viris Zika a komen nan Massachusetts ?

An jeneral pa gen nan leta Massachusetts la kalite moustik ki gen viris Zika a. Pou kounye a la, pa gen anpil chans pou yon moun ta vin gen enfeksyon viris Zika a poutèt yon moustik pike w nan leta Massachusetts la. Toutfwa, moun ki vwayaje nan zòn ki gen enfeksyon an te ka pike pa yon moustik ki enfekte pandan vwayaj yo epi kèk nan mounn sa yo vin gen dyagnostik viris Zika a le yo tounen nan peyi Etazini.

Kisa ki rive lè moun gen enfeksyon viris Zika a ?

Pifò moun (80%) ki vin an kontak avèk viris Zika a pa p malad. Si yo ta vin malad, sentòm yo ap kòmanse sou 2-7 jou aprè yo pran piki yon moustik ki gen enfeksyon an. Sentòm yo kapab se lafyèv, gratèl, doulè nan jwentik ak konjonktivit.

Ki risk yon enfeksyon viris Zika kapab genyen si m ansent ?

Fanm ansent ki vin gen enfeksyon viris Zika a, li posib pou viris la gaye bay tibebe a. Gen enkyetid lè sa rive, poutèt li kapab pafwa lakòz defektyosite natal ki fè tibebe a gen yon anòmali nan sevo li osinon nan devlopman tèt li (mokwosefali). Risk pou efè sa rive, menm aprè enfeksyon viris Zika a, pa anpil menm. Ekografi pandan gwosès la se-mèyè fason pou tcheke tibebe a.

Èske m gen chans pou m gen viris Zika a ?

Alèkilè, sèl moun ki vwayaje kote gen epidemi viris Zika a gen risk pou yo vin gen maladi a. Si w gen pou w ale Amerik Santral, Amerik Disid, osinon Karayib yo, se pou w tcheke nan sit entènèt Centers for Disease Control and Prevention pou w jwenn enfòmasyon sou ki kote viris la ye <http://wwwnc.cdc.gov/travel/notices>.

Kilès ki gen pi gwo chans pou yo gen maladi viris Zika a ?

Jouk tan nou gen plis enfòmasyon, fanm ansent ak fanm k ap eseye ansent fèt pou yo- ranvwaye vwayaj nan zòn ki gen transmisyon viris Zika a. Fanm ansent ki vwayaje nan youn nan zòn sa yo ta dwe pale avèk doktè yo osinon ak lòt pwofesyonèl swen medikal e pran tout prekosyon pou l evite gen piki moustik pandan vwayaj sa a.



Èske gen tretman pou viris Zika a ?

Pa gen tretman presi pou enfeksyon viris Zika a, men pifò moun pa malad grav epi yo refè byen vit. Si pandan w aletranje nan zòn ki gen viris Zika a epi w ansent e moustik pike w, se pou w kominike avèk founisè swen natal k ap swiv ou a. Pa gen anpil tès apa pou viris Zika, e yo pa toujou nesèsè. Sepandan, pwofesyonèl k ap founi w swenyaj la ka sijere pou w fè yon ekografi pou w tcheke tibebe a.

Kisa w kapab fè pou w pwoteje tèt ou kont viris Zika a ?

Poutèt viris Zika gaye nan men moustik ki gen enfeksyon an, men detwa enfòmasyon sou kisa ou kapab fè pou w gen mwens chans pou moustik pike w **pandan ou an vwayaj nan zòn kote gen viris Zika a** :

- Lè w aleksteryè, mete pantalon janm long, chemiz manch long ak chosèt. Sa kapab difisil pou w fè lè fè cho, men l ap ede w pwoteje po w pou moustik yo pa pike w.
- Sèvi avèk enspektisid ki gen **DEET** (N, N-diethyl-m-toluamide), **pèmetrin**, **pikaridin** (KBR 3023), **IR3535** (3-[N-butyl-N-acetyl]-aminopropionic acid) osinon **lwil ekaliptis ak sitwonèl** [p-menthane 3, 8-diol (PMD)] dapre direksyon ki make sou etikèt pwodwi a.
 - **Lè w sèvi avèk yo jan sa make sou etikèt pwodwi a, enspektisid ki gen DEET, pikaridin, ak IR3535 sekirize pou fanm ki ansent.**
 - Pwodwi ki gen DEET pa fèt pou yo itilize l sou tibebe ki pa ko gen laj 2 mwa epi se pou yo gen yon konsantrasyon ki mwens ke 30% pou yo itilize sou timoun ki pi gran.
 - Lwil ekaliptis ak sitwonèl pa fèt pou yo sèvi sou timoun ki pa ko gen laj twa lane.
 - Pwodwi pèmetrin destine pou yo sèvi sou bagay tankou abiman, soulyè, moustikè kabann ak materyèl pou kanpin epi se pa pou mete yo sou po.
 - W ap jwenn plis ransèyman sou kijan pou chwazi epi itilize enspektisid an sekirite sou papye dokimantasyon enspektisid MDPH pou moustik ke w kapab wè sou entenet nan adrès www.mass.gov/dph/mosquito.

Si w pa ka gade sou entenet la, rele MDPH nan (617) 983-6800 pou yo voye papye sou li ba ou.

- Rete kote ki èkondisyone osinon ki gen twal metalik nan fenèt ak pòt.
- Jete tout dlo ki chita nan resipyan ki aleksteryè.

Kontrèman ak maladi moustik transmèt isit la nan leta Massachusetts, se moustik ki pike lajounen ki gaye viris Zika a. Sa vle di lè w pral yon kote ki gen aktivite viris Zika a, li trèzanpòtan pou w swiv etap sa yo pou anpeche gen piki moustik lajounen kou solèy kouche ak solèy leve.

Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon ?

- Doktè w, enfimiyè w, oswa klinik medikal, oswa konsèy santé lokal ou (ke ou ka jwen nan lis anyè telefòn anba seksyon gouvènman lokal la).
- Massachusetts Department of Public Health (MDPH), Division of Epidemiology and Immunization swa nan nimewo (617) 983-6800 oswa nan nimewo gratis (888) 658-2850, osinon sou sit entènèt MDPH Arbovirus nan www.mass.gov/dph/mosquito
- **Efè medikal sou lasante** : MDPH Bureau of Environmental Health nan 617-624-5757

 **Sit entènèt Depatman Sante Piblik Massachusetts sou maladi moustik transmèt.** 

<http://www.mass.gov/dph/mosquito>

